

TINDAK KRIMINAL SAJRONE NOVEL SREPEG TLUTUR ANGGITANE TIWIEK SA (*Tintingan Sosiologi Sastra*)

David Mandala Yudha Siregar

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
davids.1@mhs.unesa.ac.id

Dra. Sri Sulistiani, M.Pd

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tindak kriminal dadi tema kang paling onjo sajrone novel *Srepeg Tlutur* anggitane Tiwiek SA. Tindak kriminal nduweni teges, yaiku kabeh kang nglanggar ukum utawa tumindak durjana. Sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA ana tindak kriminal kang ngrugekake banget tumrap awake dhewe kang nindakake tindak kriminal, kulawarga, lan wong liya. Tindak kriminal kang ana sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA iki bakal ditintingi kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra.

Adhedhasar andharan kasebut bisa dijupuk underane panliten yaiku, (1) kepriye gegambarane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA? (2) faktor apa wae kang njalari tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA? (3) apa akibat saka tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA? (4) kepriye sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan tindak kriminal ing bebrayan masyarakat? Saka underan panliten kasebut nduweni ancas, (1) njlentrehake gegambarane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA, (2) njlentrehake faktor apa wae kang njalari tindak kriminal, (3) njlentrehake akibat saka tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA, (4) njlentrehake sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan tindak kriminal ing bebrayan masyarakat. Paedahe panliten iki yaiku, (1) tumrap panliti, panliten iki minangka sarana kanggo ngecakake ilmu, kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa ing bangku kuliyah gegayutan marang tintingan sosiologi sastra, (2) tumrap pamaca, bisa nambah kawruh lan bisa dadi sarana aweh piwulang ngenani tindak kriminal sajrone bebrayan, (3) tumrap sastra Jawa modern, bisa dadi sarana panyengkuyung anggone ngrembakakake telaah sastra, mligine sosiologi sastra sajrone karya sastra, (4) asil panliten iki diajab bisa dadi salah sijine referensi kanggo panliten sabanjure.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif sing nggunakake tintingan sosiologi sastra. Metodhe sing digunakake arupa analisis dheskriptif. Sumber dhatane panliten iki yaiku novel ST anggitane Tiwiek SA lan pawarta ing internet. Cara nglumpukake dhata yaiku nemtokake unit analisis, nemtokake dhata, lan nyathet dhata.

Adhedhasar asile analisis dhata sing nggunakake tintingan sosiologi sastra, bisa didudut menawa tema sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA yaiku tindak kriminal. Tindak kriminal sajrone novel ST iku ngandharake ngenani (1) tumindak ruda peksa, (2) tumindak ora gelem tanggung jawab, (3) tumindak ngancam, (4) tumindak korupsi, (5) tumindak nerak kasusilan, (6) tumindak apus-apus, (7) tumindak pemerasan. Tumindak kriminal sajrone novel ST iku ana sesambungane karo tumindak kriminal kang ana ing bebrayan masyarakat. Faktor kang njalari tumindak kriminal yaiku 1) Faktor saka dhiri pribadi (1) faktor kabutuhan seksual, (2) faktor emosi, lan (3) faktor frustasi; 2) faktor saka sanjabane dhiri pribadi (1) faktor ekonomi, lan (2) faktor lingkungan.

Tembung wigati : Tindak Kriminal. Novel, Sosiologi Sastra

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Karya sastra mujudake asil kreativitase panulis sing diwujudake lumantar medhia basa. Sastra nggunakake basa lisan lan tulisan. Hutomo (1997:39) ngandharake manawa karya sastra mujudake asil pikiran lan rasa-pangrasane manungsa kanthi cara lisan lan tinulis, lumantar basa sing endah miturut konteks.

Wellek lan Warren (1990:119) ngandharake manawa sastra kuwi kaca benggala lan wujud *ekspresi* panguripan senajan ora kabeh. Sastra minangka asil budhaya, dadi salah sawijine kabutuhane masyarakat. Mula saka kuwi, sastra nduweni tujuwan kanggo medharake kebecikan lan bebener. Saka andharan mau bisa didudut manawa gambaran sawijine karya sastra

bakal nggamarake salah sawijine panguripan masyarakat.

Karya sastra iku nggamarake kauripan lan saperangan saka kanyatan sosial (Wallek lan Warren, 1990:102). Kanyatan sosial sajrone sastra ngenani panguripane manungsa akeh ditemokake ing masyarakat. Prakara-prakara sajrone karya sastra iku mirip karo prakara-prakara sing ana ing panguripan nyata.

Akeh prakara-prakara ing kasunyatan sing bisa didadekake *inspirasi* dening panulis. Panguripan kasebut ora bisa uwal saka kasunyatan utawa prakara-prakara sing ana ing masyarakat. Panulis anggone nulis karyane iku bebas, crita sing ditulis bisa ngenani babagan urip, karesnan, kasetyan, lan tindak kriminal. Tindak kriminal iku minangka tumindak sing nglanggar

norma-norma agama, norma kasusilan, adat istiadat, ukum lan aturan saka pemerintah.

Panliten iki bakal ngandharake salah sawijine karya sastra sing diasilake dening Tiwiek SA, yaiku novel kanthi irah-irahan *Srepeg Tlutur* kang terbit ing taun 2017. Novel *Srepeg Tlutur* banjur dicekak dadi ST iki ana 190 kaca. Bab kang narik kawigaten sajrone novel iki kanggo ditliti amarga novel ST anggitane Tiwiek SA iki ngandhut babagan tindak kriminal utawa kadurjanaan minangka wujud ngenani kahanan masyarakat Jawa ing jaman saiki. Novel ST iki uga nyritakake tumindak degsiya, katresnan, lan prakara bale wisma kang dilakoni dening paraga. Alasan liya panliti milih novel ST kanggo objek panliten jalaran sangertine panulis sasuwene iki durung ana sing nliti ngenani novel kasebut.

Panliti ngrasa yen reriptan sastra iki cocog dianalisis nggunakake pamarekan sosiologi sastra, jalaran sajrone reriptan sastra iki ngemot fenomena sosial yaiku kriminal utawa kadurjanaan. Sosiologi sastra mujudake pamarekan kang nengenake antarane sastra lan masyarakat. Swingewood (sajrone Faruk, 2013:1) ngandharake sosiologi sastra minangka ilmu kang ilmiah lan objektif ngenani manungsa sajrone masyarakat, ilmu ngenani lembaga-lembaga lan proses-proses sosial.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, mula tintingan sosiologi sastra digunakake minangka piranti kango ngecekki prakara-prakara kang tuwuhan saka wujud kriminal utawa kadurjanaan sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA tintingan sosiologi sastra kanthi luwih jero lan cetha. Panliten ngenani tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA tintingan sosiologi sastra iki diajab supaya nduweni paedah tumrap para pamaca kango nambahi kawruh ngenani panguripan sosial manungsa lumantar reriptan sastra.

Underane Panliten

Adhedhasar andharan kasebut bisa dirumusake yen underane panliten kang bakal dirembug kaya ing ngisor iki:

- (1) Kepriye gegambarane Tindak Kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA?
- (2) Faktor apa wae kang njalari Tindak Kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA?
- (3) Apa akibat saka Tindak Kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA?
- (4) Kepriye sesambungane Tindak Kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan Tindak Kriminal ing bebrayan masyarakat?

Ancase Panliten

Adhedhasar undherane panliten bisa didudut ancace panliten kaya mangkene:

- (1) Njlentrehake gegambarane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA.
- (2) Njlentrehake faktor apa wae kang njalari tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA.
- (3) Njlentrehake akibat saka tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA.
- (4) Njlentrehake sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan tindak kriminal ing bebrayan masyarakat.

Paedah Panliten

Paedah saka panliten iki yaiku:

- (1) Tumrap panliti, panliten iki minangka sarana kanggo ngacakake ilmu, kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa ing bangku kuliyah gegayutan marang tintingan sosiologi sastra.

- (2) Tumrap pamaca, bisa nambah kawruh lan bisa dadi sarana aweh piwulangan ngenani tindak kriminal sajrone bebrayan.
- (3) Tumrap sastra Jawa modern, bisa dadi sarana penyengkuyung anggone ngrembakake telaah sastra, mligine sosiologi sastra sajrone karya sastra.
- (4) Asil panliten iki diajab bisa dadi salah sijine referensi kanggo panliten sabanjure.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten kanthi irah-irahan *Tindak Kriminal sajrone novel Srepeg Tlutur anggitane Tiwiek SA* kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra iki mujudake panliten kualitatif. Semi (2012:11) ngandharake manawa panliten kualitatif mujudake panliten sing ora ngutamakake kwantifikasi adhedhasar angka-angka, nanging sing diutamakake yaiku *penghayatan* tumrap sesambungan antarane konsep sing dikaji secara *empiris*. Panliten kualitatif nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi tumrap subjek panliten kanthi cara holistik lan dheskriptif sajrone wujud tembung-tembung lan basa, ing sawijine bab sing mligi kanthi nggunakake maneka werna metodhe werna ilmiah (Moleong, 2008:6). Metodhe sing selaras kanggo nintingi panliten kanthi objek sastra sing wujude tembung-tembung yaiku nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif.

Endraswara (2013:5) ngandharake panliten kualitatif yaiku jinis panliten kang ora ngutamakake angka, nanging awujud pangerten lan sesambungan konsep kang ditintingi kanthi empiris. Titikan panliten sastra yaiku panliti minangka instrumen maca karya sastra kanthi tliti. Panliten iki ditindakake kanthi dheskriptif tegese proses dianggep luwih utama tinimbang asil, lan analisise ditindakake kanthi *induktif* ngandharake makna minangka perangan kang wigati.

Panliten dheskriptif kualitatif mujudake panliten sing dhatane awujud tembung-tembung utawa gambar, lan dudu awujud angka-angka (Semi, 2008:30). Panliten iki kanthi nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif dirasa trep kanggo nintingi panliten kanthi irah-irahan kasebut kanthi cetha. Panliti nggunakake telung perangan sing ditindakake sajrone metodhe dheskriptif kualitatif. Sepisan nggoleki gegambarane tindak kriminal sajrone novel ST, kapindho nggoleki apa wae panyebab tindak kriminal sajrone novel ST, lan katelu nggoleki apa wae akibat saka tindak kriminal sajrone novel ST, sarta nggoleki sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan tindak kriminal ing bebrayan masyarakat.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata sajrone panliten ditegesi minangka samubarang ngenani asale dhata. Selaras karo andharane Siswantoro (2010:72) sing dimaksut sumber dhata yaiku subjek panliten saka ngendi dhata diasilake.

Sumber Dhata

Sumber dhata saka panliten iki yaiku novel *Srepeg Tlutur anggitane Tiwiek SA*. Wujud saka novel iki nduweni sampul warna coklat, abang semu oren, lan kuning, sarta ana gambar wong lanang, lan wong wadon sing cacahé ana loro. Novel ST iki diterbitake dening penerbit Azzagrafika, Jalan Senturan 2 No. 128 Caturtunggal, Depok, Sleman, Yogyakarta. Cap-capan kapisan Januari 2017, ukuran dawane 21 cm, ambane 14,5 cm, kandele 196 kaca.

Dhata

Dhata wujuduke objek sing bakal dikaji lan dianalisis sajrone panliten iki. Dhata sing digunakake

panliten iki kaperang dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Dhata primer yaiku arupa dialog antarane paraga, tembung, ukara, pada, lan liya-liyane sing ana sesambungane karo undherane panliten, sesambungan karo tumindak kriminal sing nyengkuyung crita sajrone novel *Srepeg Tlatur*. Banjur uga nggunakake dhata sekunder kang arupa gegambarane tumindak kriminal sing ana ing bebrayan masyarakat kang bakal dianalisis.

Instrumen Panliten

Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti sing golek dhata, nganalisis dhata lan sing nulis panliten iki. Mula saka iku, panliti dadi instrumen utama sajrone panliten kualitatif. Sajrone nglumpukake dhata luwih akeh gumantung marang awake dhewe minangka piranti nglumpukake dhata. Panliti bisa mbiji sawijine kahanan lan nduwe kuwasa nemtokake samubarang kanggo asil panlitene.

Hasan (1990:15) ngandharake ana kaluwihan-kaluwihan sing bisa diasilake saka panliten sing nggunakake manungsa minangka instrumen sajrone nindakake panliten. Kaluwihan iku yaiku *responsif, adaptif*, manungsa minangka piranti sing bisa mangerteni sakabehe konteks, bisa njembarake kawruh kanthi cara langsung, bisa bisa nindakake ngolah lan nganalisis dhata kanthi cepet lan sapiturute. Saka kaluwihan-kaluwihan kasebut mula panliti didadekake instrumen utama sajrone panliten.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata mujudake babagan sing utama sajrone panliten, amarga tujuwan utama sajrone panliten yaiku ngasilake dhata. Tanpa metode pangumpulan dhata ora mokal panliten kasebut bisa ngasilake dhata sing trep karo apa sing wis dirancang. Sugiyono (2010:291) ngandharake menawa studi kapustakan sesambungan karo kajian teoritis lan referensi sing sesambungan karo nilai, budhaya, lan norma sing ngrembaka sajrone kahanan sosial kang ditliti. Ngumpulake dhata sing awujud teori bisa ditindakake kanthi nggunakake buku-buku, artikel saka intenet, jurnal, lan sapiturute. Dhata sing digunakake diutamakake dhata saka sumber asline ora oleh ngutip saka kutipan wong liya.

Miturut Endraswara (2008:162-163) tata cara sing kudu ditindakake kango ngumpulake dhata panliten iku diperang dadi telu, yaiku:

(1) Nemtokake Unit Analisis

Dhata sing bakal ditliti dikumpulake banjur dipilih maneh supaya anggone nglasifikasi dhata luwih gampang.

(2) Nemtokake Dhata

Dhata dikumpulake kanthi cara kodifikasi utawa menehi tandha nalika teks diwaca bola-bali kanggo nggoleki punjere panliten, sawie dhata wis nglumpuk banjur diidentifikasi kanthi ngetrapake karo undherane panliten sing ana sajrone novel ST. Pungkasan yaiku ngiventarisasi utawa nglasifikasi dhata kasebut.

(3) Nyathet Dhata

Ngumpulake dhata uga bisa kanthi nggunakake medhia rekam lan cathet. Piranti kasebut bisa digunakake kango nyathet utawa ngrekam bab-bab sing nududake pesen lan makna simbolik, sarta tembung-tembung sing ora dimangertenai maknane.

Tata Cara Njlentrehake Dhata

Panliten iki anggone nganalisis dhata nggunakake metode analisis dheskriptif. Sajrone

nindakake panliten, panliti nggunakake cara kanggo nemokake lan dioncek ikanthi runtut, banjur diandharake maneh kanthi dhata kang wis diasilake tumrap wong liya. Miturut Endraswara (2013:167) prosedhur panliten analisis karya sastra kudu trep karo syarat-syarat sing digunakake, yaiku teks sastra perlu diproses kanthi sistematis, migunakake teori kang wis disusun sadurunge, teks sastra kasebut digoleki bageyan-bageyan analisis lan diklompokake kanthi trep karo punjere teori, proses analisis kudu bisa menehi sumbangane lan pangerten marang teori. Proses analisis adhedhasar dheskriptif analisis ditindakake kanthi metode kualitatif.

Teknik analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintinggi prakara-prakara kang kinandhut ing novel kasebut kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara njlentrehake dhata panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Nglumpukake dhata kanthi menehi tandha (garis ngisor) ing saben perangan kang wigati sajrone novel ST. Wujud perangan kang diwenehi tandha kuwi milih saperangan kutipan ukara, paragraf, lan tetembungan kang ana ing novel ST.
- (2) Identifikasi dhata. Teknik iki digunakake kango nemtokake identifikasi ukara utawa paragraf sajrone crita ing novel ST.
- (3) Klasifikasi dhata. Klasifikasi dhata digunakake kango milah lan milih dhata kang dibutuhake supaya gampang anggone nggolongake dhata kang laras karo underan panliten. Dhata-dhata kang ora cundhuk karo underane panliten bakal dipisah lan ora perlu digunakake. Dhata-dhata kang laras yaiku dhata kang ana sesambungan karo prakara kriminalitas.

Tata Cara Nyuguhake Asil Njlentrehake Dhata

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap novel ST. Bab iki ditindakake supaya panliten katulis kanthi runtut lan ngasilake panliten kang bisa ditanggung jawabake. Tata cara nyuguhake asile panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis dhata kang nggunakake tembung-tembung. Andharan mau awujud dheskriptif ngenani underane panliten. Asil analisis dhata iki disuguhake kanthi klasifikasi lan menehi tetenger tumrap dhata kang nggunakake tembung-tembung kang gumathuk karo jenis prakara sajrone panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambaran Tindak Kriminal sajrone Novel *Srepeg Tlatur*

Ngruda Peksa

Gegambaran tindak kriminal awujud ruda peksa sajrone novel ST bisa kawwas saka tumindake paraga Pak Silugangga. Pak Silugangga yaiku pawongan sing dadi juragane si mboke Munarsih kang dadi babu ing Surabaya. Munarsih dadi kurban ruda peksane Pak Silugangga nalika Munarsih menyang Surabaya nyusul si mboke kang dadi babu ing omahe Pak Silugangga. kaya pethikan ing ngisor iki.

“Lelakon sabanjure, bisa dibadhe. Munarsih si prawan desa sing isih lugu iku kelakon kelangan kasucene digaglak *baya kalireñ!*”

Si kakung, sing ora liya Pak Silugangga bose PT Indah Karya kang duwe kantor ing lurung Raden Saleh iku ngrasa marem ngepol. Lagi iki ngrasa pulih kekuwatane kadirene priyayi kakung sawise tetaunan kober dadi gunung es. Sautara Munarsih sing rumangsa rusak angga

lan jiwane mung bisa nangis keranta-ranta nggetuni lelakone. (ST, 2017:22)

Pethikan kasebut nuduhake yen ing dina kuwi ana prawan desa sing isih lugu kelangan kasucenane digaglak baya kalireng yaiku Pak Silugangga kang dadi juragane si mboke ing kutha Surabaya. Munarsih wis ora bisa njaga maneh kasucenane kang sasuwene iki dijaga. Dheweke nggetuni apa kang dadi lelakone ing dina kuwi. Munarsih ora ngira yen ing kutha Surabaya kasebut dheweke bakal ngalalami lelakon kaya ngono. Bakal kelangan prawane kanthi cara diruda peksa karo juragane si mboke. Munarsih kang wis rumangsa rusak angga lan jiwane mung bisa nangis keranta-ranta. Munarsih rumangsa yen uripe wis tanpa aji sawise kelangan kasucenane. Munarsih kepikiran marang Priyadi kang dadi pacare yen ngerti kahanane Munarsih kang wis kelangan kasucenane.

Ora Gelem Tanggung Jawab

Ora saben wong bisa kaya mangkono, tuladhané kaya Pak Silugangga paraga sajrone novel ST. Pak Silugangga kang sejatiné priyayi kang kinurmatan kasebut ing wektu dijaluki pertanggung jawaban nuduhake pocapan kaya pawongan ora berpindidikan lan kaya pawongan ora waras. Pak Silugangga ora gelem tanggung jawab nalika Priyadi njaluk tanggung jawab marang tumindake. Pak Silugangga selak ngenani tumindak ruda peksane marang Munarsih kang nyebabake Munarsih ngandhut. Pak Silugangga malah nuduh yen Munarsih ngandhut iku gara-gara wong lanang liya. Pethikan bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Dharr! Priyadi ngantem meja ing ngarepe kegawa saka mangkele. Nuli, “Pak Silu! Panjenengan menika priyantun kinurmat! Kenging punapa ngendikan kados tiyang boten waras! Munarsih risak amargi trekah panjenengan, boten saking tumindak kula. Parmila panjenengan ingkang kedah tanggel-jawab Pak! Kedah!”

“Yen aku ora gelem, arep apa kowe? Karo maneh durung karuwan aku thok sing ngetengi Narsih” (ST, 2017:41)

Pak Silugangga kang dadi bos ing kantor PT Indah Karya kuwi sejati Priyayi kang berpendidikan, sabar, lan nduweni rasa tanggung jawab ngenani saben tumindak kang ditindakake. Nanging, nalika Pak Silugangga kang dijaluki pertanggung jawaban ngenani tumindake kang wis ngruda peksa Munarsih nganti ngandhut, sипat kang dinduweni kuwi ilang ngunu wae. Pak Silugangga malah kaya wong ora waras, kuwi bisa dideleng saka pocapane yen dheweke ora gelem tanggung jawab ngenani tumindake kasebut. Pak Silugangga malah nuduh Munarsih ngandhut gara-gara tumindake wong lanang liya.

Munarsih kang keprungu pocapane Pak Silugangga sing ora gelem tanggung jawab lan malah nuduh dheweke ngandhut gara-gara wong lanang liya mung bisa nangis. Munarsih yakin yen dheweke ngandhut kuwi jalaran akibat diruda peksa Pak Silugangga. Senadyan dheweke wong dhusun, Munarsih ora tau nindakake saresmi karo wong lanang liya sawise diruda peksa Pak Silugangga,

Andharan ing ndhuwur nuduhake anane tumindak ora gelem tanggung jawab. Tumindak ora gelem tanggung jawab kasebut kuwi kalebu tindak kriminal. Tumindak ora gelem tanggung jawab kasebut bisa kabukti saka ukara pungkasan ing cecaturan antarane Priyadi lan Pak Silugangga. Pak Silugangga tetep ngeyel ora gelem tanggung jawab lan dheweke

nyangkal yen Munarsih mbobot kuwi orang mung amarga tumindake. Saliyane iku, ana kang njalari Pak Silugangga tetep ora gelem tanggung jawab tumrap tumindake kasebut.

Ngancam

1) Pak Silugangga ngancam Munarsih

Gegambaran tindak kriminal awujud ngancam kayata kang ditindakake dening paraga Pak Silugangga. Ancaman Pak Silugangga kang sacara lisan ora mempan marang Priyadi. Pak Silugangga rada wedi karo ancaman Priyadi jalaran Priyadi tetep bakal nglapurake dhewe ing pulisi. Kahanan kang kaya mangkono ndadekake Pak Silugangga nekat nggunakake senjata api kango ngancam Priyadi lan Munarsih supaya ora nglapurnu dheweke ing pulisi. Pethikan kaya ing ngisor iki.

“Lapur pulisi!” wangsalane Priyadi tatag. Pak Silugangga biyas. Nanging sajak isih pengin nuduhake panguwasane. Mara-mara ndudut laci meja, let sedhela katon barang irenggilap ing astane.”

“Aja kokbacutne! Lan aja neka-neka! Yen yen ra kena dakelingake, tinimbang ngregoni pikir aluwung kowe wong loro dakpateni!” (ST, 2017:42)

Ancaman Priyadi marang Pak Silugangga ndadekake Pak Silugangga rada keweden. Pak Silugangga ora ngira yen Priyadi ora wedi karo ancaman lisane kasebut. Priyadi malah tetep bakal nglapurake Pak Silugangga ing kantor pulisi. Pak Silugangga keweden yen tumindake bakal diweruhi bojo lan anake sarta anak buwahe ing kantor yen Pak Silugangga wis ngruda peksa anake pembantune nganti mbobot. Pak Silugangga kang keweden karo ancaman Priyadi kasebut kepeksan nggunakake pistule kang sasuwene iki disimpel ing laci meja kantore. Pistul kang biyasane digunakake kango njaga awake saka penjahat, ing dina kuwi digunakake kango ngancam Priyadi lan Munarsih. Pak Silugangga bakal mateni Priyadi lan Munarsih nggunakake pistule. Pak Silugangga kang wis cupet pikire ngarahake pistule ing dhadhane Priyadi lan gantenan ditudingake menyang sirahe Munarsih. Tujuwane supaya bocah loro kuwi ora budhal menyang kantor Pulisi. Bocah loro kang diathungi pistul Pak Silugangga mung bisa meneng lan kaget kepati.

2) Pak Silugangga Ngancam Diyantoro

Pak Silugangga sarwa bingung sawise ketekan Priyadi lan Munarsih ing kantore. Dheweke dijaluki tanggung jawab jalaran tumindake kang nyebabake Munarsih meteng. Dheweke mung bisa lenger-lenger sawise Priyadi lan Munarsih ninggalake kantore. Nganti tekan omah pikirané Pak Silugangga isih bingung mikir prakara kang disebabake dening tumindake. Nalika ngerti anake yaiku Diyantoro, bengine Diyantoro diajak rembugan ngenani prakara kang lagi diadhepi. Pak Silugangga meksa Diyantoro supaya gelem ngrabi Munarsih, nanging Diyantoro ora gelem. Silugangga nesu lan ngancam anake. Pak Silugangga arep bunuh dhiri tinimbang nandang wirang jalaran Diyantoro ora gelem dikongkon ngrabi Munarsih. Pethikan kung nuduhake Pak Silugangga ngancam Diyantoro kaya ing ngisor iki.

“Hmm. Yen ngono kowe puguh ora gelem mbiyantri? Seneng yen wong tuwamu nandang wirang? Becik. Tinimbang kedawa-dawa mikir, apa gunane urip. Le, aja alok kelangan yen aku mati nglalu!” ngendika mangkono Pak Silugangga banjur nyat, jengkar saka kursi,

bablas miyos ninggalake kamare Diyantoro. Sing ditinggal kaget. Rekane arep nututi, ning priyayi sing lagi gempung panggalihe kuwi cepet nutup lawang tengah, banjur dikunci rapet. (ST, 2017:54)

Pethikan kasebut nuduhake yen Pak Silugangga uga ngancam Diyantoro. Pak Silugangga bingung ngadhepi prakara akibat saka tumindake. Pak Silugangga gelem tanggung jawab sawise diancam Priyadi arep dilapurne menyang pulisi. Kang nggawe bingung Pak Silugangga yen dheweke ngrabi Munarsih bale wismane bakal bubrah, karir ing kantor uga bakal rusak akibat saka tumindake. Mula, bengi sawise Pak Silugangga diparani Priyadi lan Munarsih ing kantore, Pak Silugangga ngajak rembugan karo anake. Sajrone rembugan karo anake, Pak Silugangga mbeber perkara kang lagi diadhepi marang Diyantoro, yaiku bab metenge Munarsih kang disebabake dening tumindake rikala semana pas ngruda peksa Munarsih. Pak Silugangga kepengin Diyantoro mbiyantu kanthi cara ngrabi Munarsih. Diyantoro kang ora gelem mbiyantu bapake, nggawe bapek sanyasa ngelu lan cupet pikire. Pak Silugangga kang wis emoh mikir dawa-dawa ngenani prakara kasebut akhire ngancam Diyantoro. Pak Silugangga ngancam Diyantoro arep mati nglalu yen Diyantoro tetep puguh ora gelem mbiyantu.

3) Diyantoro ngancam bapake

Diyantoro asring nggunakake dhuwit kantor kanggo mabuk-mabukan, kanggo mara ing papan hiburan malam, lan liya-liyane. Saben dina Diyantoro lan Bahar nindakake tumindak ala kasebut nganti dhuwit kantor cabang kuwi entek. Dhuwit kantor cabang kang entek kasebut nggawe Diyantoro bingung. Diyantoro bingung dhuwite sapa maneh kang kudu digunakake kango nutupi utawa kanggo ngijoli dhuwit kantor kang digunakake seneng-seneng. Diyantoro kang wis bingung kasebut ngajak rembugan Bahar ngenani bab kasebut. Dhasare Bahar kuwi sengkuni, ora menehi solusi kang becik, malah Bahar menehi solusi supaya Diyantoro njaluk dhuwit marang bapake kanggo nutupi dhuwit kantor cabang kang dikorupsi. Yen bapake mengko ora gelem menehi dhuwit, Diyantoro dikongkon ngancam bapake. Wewadi kang nganti seprene disimpen bakal dibeber Diyantoro ing warta lan liya-liyane. Pethikan kang nuduhake yen Diyantoro ngancam bapake ing ngisor iki.

“Hhh ... aku ora bisa tumindak nogono! Ora bisa Yan! Aku ora kepengin perusahaan sing dakcekel katut ambruk! Lan ora kepengin ditangkep pulisi merga nggelapne dhuwit!”

“Manawi makaten nggih sampun! Kula tetep badhe mbeber wewadosipun Bapak ing media!” pangancame Diyantoro karo menyat, sajak arep ninggalake kantor kono. Pak Silugangga kejot, banjur menggak.” (ST, 2017:108)

Pethikan kasebut nuduhake yen Diyantoro wis dadi bocah kang bubrah, wis dadi bocah kang lali unggah-ungguh marang wong tuwane sawise keneh hasutane Bahar. Diyantoro kang wis bubrah kasebut ngancam bapake supaya gelem nuruti apa kang dadi pepinginane Diyantoro. Dheweke njaluk dhuwit marang bapake kanggo nutupi dhuwit kantor cabang kang entek digunakake seneng-seneng. Pak Silugangga wis ora bisa nuruti karepe anake kasebut amarga dhuwite wis entek gawe nuruti anake. Diyantoro tetep meksa bapake supaya menehi dhuwit. Diyantoro meksa Bapake nggunakake dhuwit kantor Pusat kang dipimpin bapake kasebut kango menehi Diyantoro. Pak Silugangga

kang ora wani nggunakake dhuwit kantor lan wedi dipenjara amarga korupsi tetep ora gelem nuruti anake. Dhasare Diyantoro kang wis dadi priya kang bubrah, akhire Diyantoro ngancam bapake. Diyantoro ngancam bapake yen bakal mbeber wewadine bapake ing warta berita yen ora gelem menehi dhuwit. Diyantoro ora peduli maneh karo bapake, wedadine tetep bakal dibeber yen ora menehi dhuwit. Diyantoro wis ora mikir akibat yen wewadi iku dibeber. Ora peduli yen bale wismane wong tuwane bakal ancur, ora peduli yen karire bapake bakal rusak. Pak Silugangga kang oleh ancaman ngono saka anake mung bisa lenger-lenger. Dhadhane dumadakan rinasa sesek. Paningale klemunklemun lan mustakane cekot-cekot oleh ancaman saka anake kang arep mbeber wewadine.

4) Priyadi ngancam Pak Silugangga

Ancaman sajrone crita novel ST iki ora mung ditindakake dening Pak Silugangga lan Diyantoro, nanging uga ana paraga liya kang uga ngancam paraga liyane, yaiku Priyadi. Priyadi ngancam Pak Silugangga yen ora gelem tanggung jawab lan ngrabi Munarsih. Priyadi bakal nglapurake Pak Silugangga menyang pulisi. Pethikan kang nggamarake Priyadi ngancam Pak Silugangga kaya ing ngisor iki.

“Manoni swasana sing kurang nyenengake iku Priyadi sansaya kobong. Dheweke wis lali suba sita, lali unggah-ungguh. Kanthi swara geter, muwus, “Pak Silu, manawi Pak Silu taksih ngeman karir lan kalenggahan, sampun muringkula! Kula saged lapur polisi ngenggingi prekawis punika!” pangancame Priyadi. nanging luput ing panyana, jebul Pak Silugangga babarpisan ora gigrik.” (ST, 2017:41)

Pethikan kasebut nuduhake yen sajrone crita novel ST paraga Priyadi uga nindakake tumindak ngancam. Priyadi sajrone crita ngancam Pak Silugangga kang dadi bos ing PT Indah Karya. Priyadi kang sejatiné sabar lan ora gampang nesu, ing dina iku dadi priya kang wis lali unggah-ungguh lan suba sita. Omongane Pak Silugangga kang kaya priyayi ora waras ndadekake Priyadi sansaya kobong. Priyadi kepeksa ngancam Pak Silugangga. Priyadi ngancam Pak Silugangga arep dilapurke ing polisi yen Pak Silugangga ora gelem tanggung jawab ngenani tumindake kang nyebabake Munarsih mbobot.

Korupsi

1) Korupsi kang ditindakake Diyantoro

Saben bengi Diyantoro lan Bahar klayaban nyenengake ati. Budhal menyang klab malam, lokalisasi playahan, papan judi, lan papan maksiyat liyane. Dhuwit kang digawe nyenengake atine wong loro saben bengi yaiku dhuwit kang diasilake Diyantoro saka korupsi ing kantor cabang PT Indah Karya. Diyantoro kang wis lali karo tanggung jawabe kang diwenehi amanah karo bapake kango nyekel kantor cabang kuwi dadi rusak. Diyantoro sansaya kendel nggunakake dhuwit kantor gawe seneng-seneng karo Bahar nganti bendahara ing kantor kuwi ora wani menggak yen Diyantoro saben dina njaluk dhuwit kantor kasebut. Luwih cethane bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Luwih parah maneh bareng Diyantoro wiwit kendel nggunakake dhuwit kantor. Sauntara bageyan kahartakan ora wani menggak. Dhestun sok-sok melu-melu ngenthit pisan. Sajake mumpung ana kalodhangsan. Yagene ora migunakake *kesempatan* sajroning *kesempitan*? Semono uga tanpa diweruhi Diyantoro, Bahar uga asring meksa bagiyen kahartakan iku

supaya menehi dhuwit marang dheweke. Sing jumlahe kudu cocog karo panjaluke.” (ST, 2017:106-107)

Pethikan kasebut nuduhake yen Diyantoro nindakake tumindak kriminal yaiku tumindak korupsi. Diyantoro mulai kendel nggunakake dhuwit kantor. Dheweke wis lali karo amanahe bapake kang dipasrahi nyekel kantor cabang PT Indah Karya. Diyantoro wis nyalah nggunakake kakuwasaan ing kantor kasebut. Diyantoro wis wani nggunakake dhuwit kantor kanggo kabutuhan sajabane kantor, kayata nggunakake dhuwit kantor kanggo seneng-seneng.

2) Korupsi kang ditindakake dening Pak Silugangga

Pak Silugangga kang wis asring dijaluki dhuwit Diyantoro ora bisa menehi maneh kamangka dhuwit simpenane ing bank wis entek. Pak Silugangga kang ora bisa menehi dhuwit diancem Diyantoro yen wewadine bakal dibeber ing pawarta. Jalaran keweden, akhire Pak Silugangga kepeksa nggunake dhuwit kantor kanggo menehi anake. Pethikan kang nuduhake Pak Silugangga akhire korupsi bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Diyantoro mbalik. Nyedhaki bapake. Pak Silu jumeneng banjur marani lemari pribadi ing kamar dhirektur. Mundhut salembar cek nuli diserati lan ditapakasmani. Cek kaparingake Diyan.”

“Jupuken dhewe nyang bank! Ning ngertiya, iki dudu dhuwite Bapak pribadi. Iki dhuwit kantor! Lan sepisan iki bae anggonmu meres Bapak! Yen kowe nekad, Bapak ora wigah-wigih lapur pulisi. Kelangan endhog siji paribasane, ora apa-apa. Wirang isin bakal dakadhepi!” ngendikane Pak Silugangga ngemu pangancam.” (ST, 2017:110)

Pethikan kasebut nuduhake anane tindak kriminal yaiku korupsi kang ditindakake dening Pak Silugangga. Korupsi kang ditindakake dening Pak Silugangga diwujudake arupa cek kang nominal wis diisi kaya apa kang dijaluk Diyantoro. Dhuwit kang bisa asil saka nyairake cek kasebut ing bank iku sejatine ora saka tabungane Pak Silugangga, nanging dhuwit saka kantor pusat kang dimpin dening Pak Silugangga. Awit saking asringe Diyantoro njaluk dhuwit marang Pak Silugangga ndadekake Pak Silugangga kepeksan nggunakake dhuwit kantor. Pak Silugangga nggunkake dhuwit kantor jalaran wis ora nduwe maneh dhuwit pribadhi kanggo diwenehne anake. Alasan liya kang ndadekake Pak Silugangga nekat nggunakake dhuwit kantor, yaiku Pak Silugangga ora kepengin yen wewadine dibeber Diyantoro ing medhia masa. Pak Silugangga wektu iku wis ora mikir maneh akibat saka tumindak korupsine. Sajrone pikiran mung ora kepengin wewadine dibeber Diyantoro kang bisa ndadekake bale wismane rusak lan karire ancur. Nanging yen ditindak lanjuti akibat saka korupsi kang ditindakake Pak Silugangga ora mung bale wisma lan karire wae kang rusak, nanging Pak Silugangga uga bakal dipakunjara lan kantore bakal bangkrut.

Nerak Kasusilan

Gegambaran tindak kriminal kang nerak kasusilan mligine mabuk-mabukan ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA. Tumindak mabuk-mabukan kasebut ditindakake dening paraga Diyantoro. Diyantoro sejatine bocah lanang kang apik budi pakertine. Bocah lanang kang ora seneng foya-foya lan ora seneng mabuk-mabukan. Nanging, sawise Diyantoro dipeksa bapake supaya gelem ngrabi Munarsih sipate Diyantoro dadi rusak. Diyantoro kang

ora isa nampik panjaluke bapake kasebut kepeksa ngrabi Munarsih. Jalaran bab kasebut ndadekake Diyantoro dadi bocah lanang kang rusak. Bale wismane mung dianggep kanggo nutupi wewadine bapake. Saliyane kuwi, Diyantoro uga ora patiya ngreken Munarsih kang wis dadi bojone. Diyantoro kang wis ora ngreken bale wismane asring mulih telat, nganti ing sawijine dina Diyantoro mulih bengi banget lan ambune ngganda alkohol. Kedadegan kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Kok nganti wengi to mas?” pitakone Munarsih. Ora entuk wangslan. Seng ... ganda alkohol nyegrak irung. Munarsih kaget. Gage nututi karo njengek.

“Panjenengan mabuk Mas?!”

“Sing ditakoni ora mangsuli. Mung hoak-hoek atop. Saben muni hoek, ganda ora enak nyogrok irung. Munarsih mungkag-mungkug kudu muntah. Nanging diempet. Diyantoro mlebu kamar. Tanpa cucul pangango langsung nglolos. Munarsih nututi mlebu. Ganda alkohol saya ngabrat.

“Panjenengan kok reka-reka ngunjuk gek nganti mabuk barang ki ngapa ta mas? Rak ora kulina to?” Pitakone Munarsih karo ibut nguculi sepatune Diyantoro.”

“Hooeeeekkk ... hukk ... hukk ... hooeeeekkk ... soor! Saka mung atop-atop wusana sing lagi mabuk iku mutah. Ganda ora enak ngebaki kamare. Munarsih meh katut mutah, nanging age-age lumayu menjaba sengadi golek pasir kanggo ngurugi utah-utahane kakunge.” (ST, 2017:100-101)

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga Diyantoro wis nerak angger-anggere agama yaiku mabuk-mabukan. Tumindake Diyantoro kuwi ditindakake kanggo mentingake dhiri pribadhine dhewe, lan kanggo mburu kesenengane awake dhewe tanpa preduli wong liya. Senajan ta anggone Diyantoro mabuk-mabukan kuwi lagi sepisan, nanging wis ngrugekake wong liya. Ngrugekake Munarsih kang wektu iku wis melek nganti wengi jalaran ngenteni tekane Diyantoro. Banjur kang dienteni mulih ing omah nanging kanthi kahanan mabuk. Diyantoro wengi kuwi wis ora ngreken Munarsih babar pisan, uga ora menehi wangslan pitakone Munarsih.

Apus-apus

Gegambaran ngenani tindak kriminal mligine apus-apus kaya kang ditindakake dening paraga Bahar. Bahar sajrone crita novel ST anggitane Tiwiek SA kang digambarake dadi sengkuni kasebut pinter banget manfaatake kahanan bose yaiku Diyantoro. Diyantoro kang lagi nyekel dhuwit akeh dimanfaatake dening Bahar. Tanpa isin-isin maneh Bahar kandha ing Diyantoro yen arep nyilih dhuwit kanggo ndandani jobin ing omahe. Bahar ora mung sepisan kuwi nyilih dhuwit marang Diyantoro. Nanging, Bahar wis asring nyilih dhuwit marang Diyantoro lan ora tau mbalekake dhuwit kasebut. Tumindake Bahar kang kaya mangkono kuwi kalebu tumindak apus-apus. Pethikan ngenani tumindake Bahar kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Bahar ngguyu njegigis. Buncine wong arep oleh-lehan pancen mung mblubut. Bahar ora mung sepisan iki nembung utang. Saelinge wis kaping telu apa kaping papat. Nembung utang, nanging ora tau nyaur. Diyan dhewe ya ora nagih. Nyatane kanthi bunci mblubut, Bahar saiki mrenthel. Sepedha motore wis

ganti anyar najan ora gres. Anggon-anggone bojone malih nggrembyang. Njur iki mengko yen sida diutangi maneh, jobine sing maune plester saka semen bakal diganti porselin. Penake rek, dhapuk sengkuni! Kathik kasenengan ma lima uga tansah keturutan.” (ST, 2017:117-118)

Tumindake Bahar kang kaya ing pethikan ndhuwur kuwi kalebu tindak kriminal mligine tumindak apus-apus. Tumindake Bahar kuwi ditindakae kanggo kapentingane dhiri pribadhi. Dhasar sengkuni, weruh yen Diyantoro ngesaki dhuwit akeh, Bahar nggunakake kasempetan kasebut gawe ngapusi Diyantoro maneh. Bahar kandha marang Diyantoro yen dheweke arep nyilih dhuwit. Bahar kandha yen dhuwit utangan kasebut bakal digunakake kanggo ndandani jobin ing omah kang isih saka plester semen. Bahar utang marang Diyantoro ora mung sepisan kuwi, nanging Bahar wis asring utang marang Diyantoro. Jenenge wong utang kudune ki ya gelem nyaur utange kasebut. Nanging, Bahar sepisan wae durung tau bayar utange kasebut marang Diyantoro. Tumindake Bahar kasebut iku kalebu tumindak kriminal mligine tumindak apus-apus amarga Bahar wani ngutang nanging ora tau gelem bayar utange kasebut. Tumindake Bahar kang kaya mangkono kuwi yen dilapurake ing Polisi bisa nyebabake Bahar dipakunjara.

Pemerasan

Novel ST anggitane Tiwiek SA uga ngandhut tindak kriminal mligine pemerasan. Tumindak pemerasan ing novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut ditindakake dening Diyantoro. Diyantoro meres bapake supaya gelem menehi dhuwit kanggo nutup dhuwit kantor kang entek jalaran dikorupsi lan digunakake Diyantoro seneng-seneng. Umpama bapake ora gelem menehi dhuwit kasebut wewadine bapak dibeber ing medhia massa. Pethikan kang nuduhake Diyantoro meres bapake bisa dideleng ing ngisor iki.

“Arta kantor rak taksih wetah, Pak?” Diyantoro ngengkel.

“Dhuwit kantor?! Masya Allah! Aku kokkon korupsi? Hiya?”

“Nyumanggakaken. Bapak rak kuwaos teng ngriki. Umpamiya nyrebrot arta kantor, sinten sing wantun memalangi?”

“Hhh ... aku ora bisa tumindak ngono! Ora bisa Yan! Aku ora kepengin perusahaan sing dakcekel katut amburk! Lak ora kepengin ditangkep pulisi merga nggelapne dhuwit.”

“Manawi makaten nggih sampun! Kula tetep bakal mbeber wewadosipun Bapak ing medial” pangancame Diyantoro karo menyat, sajak arep ninggalake kantor kono. Pak Silugangga kejot, banjur menggak.”(ST, 2007:109)

Pethikan kasebut nuduhake yen sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut ngandhut tindak kriminal mligine pemerasan. Tumindak pemerasan kasebut ditindakake dening paraga Diyantoro marang bapake. Anggone Diyantoro meres bapake kasebut dibarengi karo tindak kriminal liyane, tindak kriminal kasebut yaiku ngancam. Meres lan ngacam kang ditindakake dening Diyantoro kuwi ora nggunakake piranti. Diyantoro mung bakal mbeber wewadine bapake ing medhia yen ora gelem menehi dhuwit. Andharan kasebut cundhuk karo apa kang diandharake dening kartono, yaiku nindakake tumindak kriminal tanpa nggunakake piranti.

Faktor kang Njalari Tindak Kriminal sajrone Novel ST

Faktor saka Dhiri Pribadhi (Internal) Kabutuhan Seksual

Perangan kang nuduhake anane tindak kriminal kang disebabake saka faktor kabutuhan seksual kang ora kacukupi bisa ditemokake sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA. Sajrone novel ST kasebut bisa ditemokake yen salah sawijine paraga kang nindakake kriminal jalaran faktor kabutuhan seksuale ora kacukupi. Paraga kang wis nindakake tindak kriminal kanggo nyukupi kabutuhan seksuale yaiku Pak Silugangga. Pak Silugangga kang wis pirang-pirang taun kabutuhan seksuale ora kacukupi jalaran bojone wis ora bisa menehi nafkah batin kasebut akhire nindakake tindak kriminal kanggo nyukupi kabutuhan seksuale. pethikan kang nuduhake yen kabutuhan seksuale Pak Silugangga ora kacukupi bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki.

“Bapak badhe menapa? Kulaaturi jengkar kemawon Pak,” pangrimuke kanthi swara geter.”

“Sih, je ... jenengmu ... Mun ... Munarsih ya ...?” swara lanang iki ora kurang kedhere. Kedher semu gemeter! Banjur, “Sih ... kowe ngerti. Tetaunan saploke ibumu *luwas sari* lan banjur laran-laran... aku ... aku sasat ora nate kumpul karo wanita. Ibumu wis dadi *gunung es*, Sih. Njur... aku... aku dhewe ya meh ketularan dadi *gunung es* pisan....” (ST, 2017:21)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen kabutuhan seksuale Pak Silugangga ora kacukupi. Pak Silugangga wis pirang-pirang taun ora tau nindakake saresmi karo bojone. Pak Silugangga ora nindakake saresmi karo bojone jalaran bojone wis luwas sari lan kerep laranan. Pak Silugangga kang wis tetaunan ora nindakake saresmi ameh katut kelangan hawa napsu kaya bojone. Nanging, sawise ngerti kahanane Munarsih kaya mangkono ndadekake hawa nepsune Pak Silugangga muntab.

Emosi

Sajrone novel ST salah sawijine faktor kang njalari paraga Priyadi nindakake tindak kriminal yaiku amarga rasa emosi. Rasa emosine Priyadi bisa dumadi nalika Priyadi lan Munarsih mara ing kantore Pak Silugangga. Tujuwane Priyadi mara ing kantor kasebut arep njaluk tanggung jawabe Pak Silugangga kang wis nyebabake Munarsih mbobot. Priyadi kepengin Pak Silugangga tanggung jawab lan ngrabi Munarsih, nanging Pak Silugangga ora gelem tanggung jawab lan pocapane Pak Silungga nggawe Priyadi emosi. Kedadayan kasebut bisa kabuktikan saka pethikan ing ngisor iki.

“Dharr! Priyadi ngantem meja ing ngarepe kegawa saka mangkele. Nuli, “Pak Silu! Panjenengan menika priyantun kinurmat! Kenging punapa ngendikan kados tiyang boten waras! Munarsih risak amargi trekah panjenengan, boten saking tumindak kula. Pramila panjenengan ingkang kedah tanggel-jawab Pak! Kedah!”(ST, 2017:41)

Pethikan kasebut nuduhake rasa emosionale paraga Priyadi marang Pak Silugangga. Priyadi emosi ing kantore Pak Silugangga karo nggebrak meja. Kedadayan kang bisa ndadekake Priyadi emosi nalika Priyadi njaluk tanggung jawab supaya Pak Silugangga gelem ngrabi Munarsih jalaran Munarsih wis mbobot amarga tumindake Pak Silugangga. Pak Silugangga kang ora gelem tanggung jawab malah omongane

nggawe Priyadi emosi. Omongane Pak Silugangga kang gatel ing kuping nggarai Priyadi nesu. Priyadi tetep ngeyel supaya Pak Silgangga gelem tanggung jawab. Pak Silugangga kudu gelem ngrabi Munarsih jalaran saka tumindake kasebut wis nyebabake Munarsih meteng.

Rasa emosine Priyadi kang kaya mangkono isih ora nggawe Pak Silugangga wedi. Pak Silugangga isih tetep ngeyel ora gelem tanggung jawab. Pak Silugangga mbantah yen durung mesthi kang jalari Munarsih meteng kuwi saka tumindake kasebut. Bisa wae kang njalari Munarsih kuwi wong lanang liya. Pak Silugangga kang tetep ora gelem tanggung jawab malah ngongkon Priyadi wae sing ngrabi Munarsih. Wangsulan kang kaya mangkono saka Pak Silugangga ndadekake Priyadi sansaya kobong. Priyadi kang kobong kuwi ora bisa ngendhalekake rasa emosine. Jalaran Priyadi ora bisa ngendhalekake rasa emosine kasebut ndadekake Priyadi nindakake tindak kriminal mligine ngancam. Priyadi ngancam Pak Silugangga bakal dilapurne ing pulisi yen isih ora gelem tanggung jawab.

Frustasi

Sajrone novel ST salah sawijine faktor kang njalari paraga nindakake tindak kriminal lan nerak angger-angger agama yaiku karana frustasi. Kayata apa kang ditindakake paraga Diyantoro. Diyantoro sadurunge kepeksa ngrabi Munarsih sejatine kalebu wong kang apik. Diyantoro kepeksa ngrabi Munarsih jalaran kanggo nutupi wewadine bapake kang wis ngruda Munarsih lan nyebabake Munarsih mbobot. Sawise Diyantoro kepeksa ngrabi Munarsih, Diyantoro dadi wong kang rusak budi pakertene. Budi pakertene Diyantoro bisa rusak jalaran dheweke frustasi amarga Diyantoro ora bisa sesandhingan karo wanita kang ditresnani. Apa maneh sawise wewadine bapake kasebut diweduhi Bahar, lan Diyantoro kena hasutane Bahar. Faktor frustasi kasebut kang njalari Diyantoro nindakake tumindak kriminal lan nerak angger-anggere agama yaiku mabuk-mabukan. Pethikan bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Kok nganti wengi to mas?” pitakone Munarsih. Ora entuk wangsulan. Seng... ganda alkohol nyegrak irung. Munarsih kaget. Gage nututi karo njenek.

“Panjenengan mabuk Mas?!”

“Sing ditakoni ora mangsuli. Mung hoak-hoek atop. Saben muni hoek, ganda ora enak nyogrok irung. Munarsih mungkag-mungkug kudu muntah. Nanging diempet. Diyantoro mlebu kamar. Tanpa cucul pangango langsung nggoso. Munarsih nututi mlebu. Ganda alkohol saya ngabrat.

“Panjenengan kok reka-reka ngunjuk gek nganti mabuk barang ki ngapa ta mas? Rak ora kulina to?” Pitakone Munarsih karo ibut nguculi sepatune Diyantoro.”

“Hoooeekkk ... hukk ... hukk ... hoooeekkk ... soor! Saka mung atop-atop wusana sing lagi mabuk iku mutah. Ganda ora enak ngebaki kamare. Munarsih meh katut mutah, nanging age-age lumayu menjaba sengadi golek pasir kanggo ngurugi utah-utahane kakunge.” (ST, 2017:100-101)

Pethikan kasebut nuduhake Diyantoro nindakake tumindak kang nerak angger-anggere agama yaiku mabuk-mabukan. Diyantoro kang awale ora doyan mabuk-mabukan saiki dadi doyan mabuk-mabukan. Diyantoro dadi wong kang doyan mabuk

sawise dheweke rabi karo Munarsih. Diyantoro ngrabi Munarsih kuwi jalaran dheweke dipeksa dening bapake supaya wewadine bapake ora konangan wong liya. Diyantoro kang kepeksa ngrabi Munarsih kuwi dadi frustasi jalaran dheweke kudu medhot wanita kang wektu kuwi dadi pacare. Jalaran faktor frustasi kuwi, sawise Diyantoro ngrabi Munarsih, Diyantoro ora ngurusni Munarsih babar pisan. Diyantoro uga asring ora mulih ing omah. Umpama mulih kahanane Diyantoro mesthi mabuk.

Faktor Sanjabane Dhiri Pribadhi (Eksternal)

Faktor Ekonomi

Sajrone novel ST bisa ditemokake faktor ekonomi kang njalari paraga kasebut nindakake tindak kriminal. Paraga kang nindakake tindak kriminal jalaran faktor ekonomi yaiku paraga Bahar. Bahar kang ora uripe ngrasa kurang mewah, lan kepengin omahe ora ketinggalan jaman akhire nindakake tindak kriminal kanthi cara apus-apus marang bos e ing kantor. Bahar nindakake tindak kriminal kasebut jalaran dhuwite kanggo ngrenovasi omahe ora cukup. Pethikan bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Dhik, dhuwit pitung yuta iku ora sithik lho.

Ora bakalan enten yen mung kanggo nguja hawa wong loro dina iki. Priye umpama saperangan takutang dhisik? Slirane pirsa dhewe, jogane omahku isih plester biyasa. Saiki rak wis ketinggalan jaman. Paling ora ya tegel, lah! Ning Bune Climping kepengin jobine diganti porselin. Mangka duwit pasedyanku durung cukup.” (ST, 2017:117)

Pethikan kasebut nuduhake faktor ekonomi dadi faktor kang njalari anane tindak kriminal. Bahar kang ora kepengin omahe ketinggalan jamanjalaran jobin omahe isih plester biyasa kepengin diganti keramik. Nanging, dhuwite Bahar ora bisa kanggo nyukupi apa kang dadi kepenginane Bahar lan bojone kasebut. Mula, kanggo nyukupi dhuwite kuwi Bahar nindakake tindak kriminal kanthi cara apus-apus marang bos e ing kantor. Bener wiwitane tembunge Bahar kuwi nyilih dhuwit marang bos e ing kantor, nanging Bahar niyate ora bakal mbalekake dhuwit kasebut. Tumindake Bahar kang kaya mangkono kuwi ora mung lagi sepisan bae ditindakake, nanging Bahar wis bola-bali ngapusi bos e kanggo nyukupi kabutuhane sing menurute kurang mewah.

Faktor Lingkungan

Sajrone novel ST bisa ditemokake tindak kriminal kang disebakake dening faktor lingkungan. Kayata apa kang ditindakake dening paraga Diyantoro. Diyantoro ing sajrone novel ST kasebut wis nindakake tindak kriminal jalaran faktor lingkungan. Faktor lingkungan kang dimaksut yaiku kantor kang dipimpin dheweke. Diyantoro ing kantor kasebut ora bisa milih karyawan kang bisa dipercaya lan karyawan kuwi uga kang nggawe Diyantoro nindakake kriminal lan nerak angger-anggere agama. Pethikan kasebut bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki.

“Jane Dhik Diyan ora kudu bingung. Malah yen Dhik Diyan kersa, bisa nggunakake kalodhangan iki kanggo ngeruk kauntungan sa akeh-akehe. Slirane rak kadhung klebus. Yagene ora nggebyur pisan? Urip mung sepisan Dhik! Aja dilara-lara lan aja digawe bingung!”

“Sing dikersakake Mas Bahar aku kudu piye?”

“Yagene sedhih lan bingunge Dhik Diyan ora ditambani kanthi nyenyeneng ati? Yagene?

Bandha ora kekurangan dhuwit kari ngeruk. Kurang apa maneh?"(ST, 2017:106)

Pethikan kasebut nuduhake yen faktor lingkungan kuwi bisa njalari tindak kriminal. Sajrone lingkungan kantore Diyantoro, ana salah sawijine karyawane kang nyebakake Diyantoro nindakake tindak kriminal. Karyawane Diyantoro ora liya yaiku Bahar. Bahar kang ngerti yen Diyantoro lagi sedhih lan bingung amarga bale wismane kang dibangun kuwi jalaran kepeksa macak dadi sengkuni. Bahar ing kedadeyan kuwi ngaruh-ngaruhi Diyantoro supaya ngeruk dhuwit kantor kanggo seneng-seneng supaya rasa sedhih lan bingunge ilang. Saking pinter lan tlatene Bahar anggone ngaruh-ngaruhi Diyantoro, ndadekake Diyantoro keblinger omongane Bahar.

Akibat saka Tindak Kriminal sajrone Novel Srepeg Tulutur

Akibat tumrap Awake Dhewe utawa Paraga kang Nindakake Kriminal

Apes

Paraga kang nindakake tindak kriminal yaiku Diyantoro. Diyantoro ing kene nindakake tindak kriminal nerak kasusilan yaiku arep nindakake sedheng utawa saresmi karo wanita playahan.

Wanita playahan kasebut statuse mahasiswa kang nyambi dadi wanita playahan. Wanita playahan kasebut uga kang njalari Diyantoro apes utawa cilaka. Nalika wanita playahan kuwi mlebu ana ing kamar hotel kasebut, ndadekake Diyantoro lan wanita playahan kasebut kaget. Perkara kang ndadekake Diyantoro kaget ora liya wanita playahan kasebut. Diyantoro ora ngira yen kang dadi wanita playahan kuwi Linanti. Linanti yaiku mantan pacare Diyantoro kang ditinggal ngono wae jalaran dheweke kepeksan ngrabi Munarsih. Dene Linanti melu kaget jalaran ora ngira yen wong lanang kange arep dilayani hawa nepsune kuwi Diyantoro.

Diyantoro kang ngerti yen kuwi Linanti banjur mencolot saka kasur lan langsung ngrangkul Linanti. Linanti kaget, banjur ngeculuke rangkulane Diyantoro sarta mlayu metu saka kamar kasebut. Diyantoro banjur nguber Linanti kang mlayu kasebut. Diyantoro kang ora sadhar wis nguber Linanti nganti tekan ratan. Fokuse Diyantoro mung ing Linanti. Kahanan kang mangkono ndadekake Diyantoro cilaka. Tekan tengah ratan dheweke ora ngira yen ana trek liwat. Dheweke ora bisa ngendhoni trek kasebut. Pungkasane Diyantoro ketabrak trek kasebut sarta Diyantoro mati ing kono. Pethikan ngenani apes utawa cilakane Diyantoro bisa diweduhi kaya ing pethikan ngisor iki.

"Karo mlayu nututi iku ora entek-entek gumune Diyantoro. Kok Linanti tilas pacare iku dadi gadis panggilan kelas tinggi. Yen prakara tekanan ekonomi genah ora kira. Awit wong tuwane Linanti priyayi kecukupan. Dhuwit ora dadi masalah. Njur apa sing njalari Linanti ambyur ing donyane playahan? Apa merga *prustasi*? Prustasi merga katesnane marang Diyantoro dipunggel thel karana Diyan kudu ngawini Munarsih? Yen iku sing njalari, ah ... aku sing dosa! Aku kudu bali dadi kekasihe Linanti, sadurunge dheweke kejegur luwih jero! Mangkono cluluk batine Diyantoro karo sanyasa mbanteri pambujunge, ing pangangkah burone enggal kecandhak."

"Nanging ya jalaran pikirane mung munjer marang burone iku, nganti ora migatekake pringga-bayane dalan. Kamangka dalan kono kalebu rame. Akeh kendharaan slira-sliri. Nalika Diyantoro nyidhat dalam nututi playune

Linanti sing uga nyidhat dalam, saka arah ndhuwur ana truk momot sayur ngglindhing banter. Diyantoro gugub. Sopire truk sajake uga gugub. Wusan... pres! Kacilakan ora bisa disingkiri maneh. Diyantoro mletik, tibane natap trotoar. Byuk, wong-wong kang meruhi kadadeyan iku padha ambyuk. ana sing niyat tetulung, ana uga sing mung kepengin weruh. (ST, 2017:128-129)

Pethikan kasebut nuduhake apes utawa cilakane Diyantoro. Kedadeyan kuwi bisa dumadi jalaran wektu iku Diyantoro arep nindakake tindak kriminal mligine nerak kasusilan lan angger-anggere agama yaiku tumindak sedheng utawa saresmi kanthi nyewa wanita playahan. Diyantoro ora ngira wanita playahan kang disewa kuwi tibake Linanti tilas pacare. Sajrone kahanan kaya mangkono, Diyantoro kepengin njelasake alasane dheweke medhot Linanti wektu iku. Durung nganti njelasake, Linanti wis mlayu ninggalake Diyantoro. Diyantoro kang ora kepengin kelangan Linanti maneh banjur nguber Linanti. Sajrone nguber Linanti, Diyantoro kepikiran ngenani alasane Linanti kok bisa dadi wanita playahan, kamangka Linanti kuwi anake priyayi kang sugih.

Saking ora migatekake dalam kang wektu kuwi rame banget kendharaan kang liwat, ndadekake Diyantoro cilaka. Diyantoro ing dalam kasebut ketabrak trek momot sayuran saka arah ndhuwur. Diyantoro kang apes lan ora bisa ngendhoni trek kasebut akhire ketabrak trek kuwi. Diyantoro mental saka tengah dalam, cilakane tibane Diyantoro kuwi natap trotoar. Tibane Diyantoro kang natap trotoar kasebut ndadekake Diyantoro mati ing papan kuwi.

Mlebu Bui

Tumindak kriminal kang nyebabake mlebu bui kasebut bisa dideleng kaya kang ditindakake dening paraga kang ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA. Pak Silugangga mlebu bui jalaran dheweke wis nindakake tindak kriminal yaiku korupsi. Pethikan kang nuduhake yen Pak Silugangga mlebu bui jalaran dheweke nindakake tumindak kriminal korupsi bisa dideleng kaya kang ana ing pethikan ngisor iki.

"Critowa Ti, apa sing wis dumadi?"

"Siti unjal ambegan landhung, nuli miwiti kojah, "Dhek dina Rebo minggu kepungkur, Pak Silugangga ditangkep pulisi..."

"Ha?! Ditangkep pulisi?! Lupute apa?" pamunggele Munarsih."

"Pak Silu didakwa nggelapne dhuwit perusahaan. Hla kocapa Yu, bareng midhanget prakara iku, Bu Silu sing durung suwe kondur sawise tetirah neng Batu, sing gerah jantunge pancen wis mbabrah, saking kagede langsung seda." (ST, 2017:152)

Gegambaran ngenani akibat kriminal yang diasilake saka tindak kriminal yang wis ditindakake dening Pak Silugangga yaiku mlebu bui. Bukti kango nuduhake yen Pak Silugangga mlebu bui yaiku nalika Siti kang nggantenyu Yu Kasih dadi pembantu ing omahe Pak Silugangga mara ing omahe Yu Kasih kang ana ing Tulungagung. Siti crita marang Yu Kasih yen dheweke wis ora maneh dadi pembantu ing omah Pak Silugangga. Siti njelasake kang njalari dheweke ora dadi pembantu maneh jalaran Pak Silugangga ditangkep pulisi. Pak Silugangga ditangkep pulisi jalaran dheweke wis nindakake tindak kriminal yaiku korupsi dhuwit perusahaan. Jalaran Pak Silugangga wis nindakake tumindak korupsi, akhire Pak Silugangga kena imbase yaiku mlebu bui.

Akibat Tumrap Kulawarga Rugi Bandha

Pak Silugangga kepeksan korupsi jalaran dheweke wis ora nduwe dhuwit pribadhi maneh kanggo diwenehake anake. Dhuwit tabungane wis entek jalaran Diyantoro asring meres bapake kanthi nggunakake ancaman. Saka tumindake Pak Silugangga kang nggunakake dhuwit kantor kasebut ndadekake Pak Silugangga ing liya dina dicekel pulisi lan dipakunjara kanthi tuduhan korupsi. Bandha kang diduweni Pak Silugangga disita dening negara. Bandha kasebut kayata omah kang ana ing Ketintang lan omah kang ana ing Rungkut. Pethikan ngenani bandha donyane Pak Silugangga disita negara bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Siti mbacutake critane, “Omah sing neng Ketintang lan sing neng Rungkut sing tau kokenggoni, saiki disegel, disita negara.” (ST, 2017:152)

Pethikan kasebut nuduhake akibat kang diasilake saka tindak kriminal mligine tumindak korupsi. Saben tumindak korupsi mesthi ngasilake akibat kang nggawe kulawarga rugi bandha. Kaya apa kang ditindakake dening Pak Silugangga kang nyebabake rugi bandha tumrap kulawargane. Pak Silugangga kang konangan nindakake korupsi kasebut dicekel pulisi lan dipakunjara. Ora mung kuwi wae akibat saka tumindake Pak Silugangga. Ana akibat liya kang diasilake saka tumindake Pak Silugangga yaiku ngrugekake bandha tumrap kulawarga. Bandha kang diduweni Pak Silugangga kabeh disita dening negara. Bandha kasebut ora liya omah kang ana ing ketintang lan Rungkut disita negara.

Sengsara

Anggota kulawarga kang sengsara yaiku paraga Munarsih. Biyasane pawongan kang mangun bale wisma kuwi batine krasa seneng. Nanging, apa kang dirasakake Munarsih ora kaya ngono. Nem sasi sawise Munarsih mangun bale wisma uripe malah dadi sengsara. Kang njalari Munarsih sengsara ora liya amarga saka tumindake Diyantoro. Diyantoro wis dadi wong kang bubrah wiwit dheweke wani nggunanake dhuwit kantor cabang kanggo seneng-seneng. Diyantoro kerep mulih nganti wengi sarta uga kerep ora mulih. Yen mulih mesthi kahanane Diyantoro mabuk. Diyantoro wis ora mikir kahanane Munarsih ing omah kang lagi meteng. Tumindake Diyantoro kasebut kuwi kalebu tumindak kriminal kang nerak ukum lan angger-anggere agama. Saka tumindake Diyantoro kabeh mau ngasilake akibat tumrap Munarsih. Munarsih dadi sengsara uripe jalaran wis ora tau diurus dening Diyantoro. Uripe Munarsih sansaya sengsara, awake uga tambah ora kopen. Pethikan ngenani uripe Munarsih dadi sengsara akibat saka tumindake Diyantoro bisa diweruhi kaya pethikan ing ngisor iki.

“Eman, ing saat-saat nyedhaki dina kelairane anake, kahanan rumah tangga-ne ora tentrem. Dhestun usreg terus. Munarsih sing kudune tansah seneng lan njaga kuwarasane raga, malah nggrantes terus-terusan. Awake kurang kopen. Kuwarasane kurang dijaga. Priksa kandhutane mung kadhangkala. Tundhone njur kerep lara.” (ST, 2017:102)

Diyantoro kang wis dadi wong lanang kang bubrah wis ora preduli maneh karo kahanane Munarsih ing omah. Munarsih kang lagi meteng kasebut kahanane sansaya sengsara akibat kang diasilake saka tumindake Diyantoro kasebut. Biyasane wong meteng kuwi awake tambah lemu, nanging beda karo Munarsih. Munarsih

kang ora diurus karo Diyantoro awake kurang kopen, awake malah kuru. Munarsih uga asring lara-laranen, kamangka wong lagi meteng kuwi kudune awake sehat. Saliyane kuwi, jalaran wis ora diurus karo Diyantoro, Munarsih uga jarang mriksakake kandhungane kasebut jalaran dheweke ora nduwe dhuwit.

Sesambungane Tindak Kriminal sajrone Novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan Tindak Kriminal ing Bebrayan Masyarakat

Ruda Peksa

Tindak kriminal mligine ruda peksa uga ana ing panguripan nyata. Bab ruda peksa sajrone bebrayan ing masyarakat bisa dideleng kaya ing pethikan berita ngisor iki.

“Tak mampu mengendalikan nafsunya, seorang pembantu nekat memerkosa anak majikannya yang masih berumur 13 tahun. Akibat kejadian itu, korban hamil 6 bulan.”

“Buntut kejadian itu, pelaku bernama Khotib (38) warga Jl Tidar Kelurahan Karangrejo, Kecamatan Sumbersari, Jember, ditangkap dan ditetapkan sebagai tersangka. Pengakuan Khotib, aksi perkosaan itu terjadi sekitar November 2015.”

“Saat itu rumah majikan saya sedang sepi dan hanya ada dia (korban, red). Kemudian, saya tutup mulutnya dan saya perkosa di depan ruang TV,” kata pelaku, Senin (16/5/2016) di Mapolres Jember”.

“Usai melakukan aksinya, tersangka mengancam korban untuk tidak menceritakan kejadian itu kepada siapapun. Merasa aman, tersangka kembali mengulangi perbuatannya. Untuk aksi kedua yang dilakukan siang hari itu, tersangka melakukannya di dapur rumah korban”. (LD 3:kaca 119)

(https://news.detik.com/berita-jawa-timur/d-3211840/seorang-pembantu-perkosa-anak-majikan-hingga-hamil-6-bulan?utm_source=news&utm_medium=Twitter&utm_campaign=CMS+Social+Media&utm_source=news&utm_medium=Twitter&utm_campaign=CMS+Social+Media)

Pethikan kasebut nuduhake anane tindak kriminal mligine ruda peksa. Tumindak ruda peksa ing pethikan kasebut ditindakake dening Khotib. Khotib nindakake tumindak ruda peksa nalika omahe majikan sepi lan ing omah kasebut mung ana Khotib lan anake majikan. Khotib ngruda peksa anake majikane ing ngarep TV kanthi cara mbungkem lambene supaya ora bengak-bengok. Sawise ngruda peksa, Khotib ngancam kurbane supaya ora nyritakake tumindake kasebut marang wong liya. Anggone Khotib ngruda peksa anake majikane kasebut ora mung sepisan. Jalaran saka tumindake Khotib kasebut ndadekake anake majikane mbobot nem sasi.

Kahanan ruda peksa kasebut cundhuk karo pethikan kang ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA. Tumindak ruda peksa kasebut meh padha, nanging sing mbedakake yaiku tokoh kang nindakake ruda peksa yaiku pembantu kang ngruda peksa anake majikan, dene sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kang nindakake ruda peksa yaiku majikan kang dadi bos ing PT. Indah Karya. Pethikan kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Lelakon sabanjure, bisa dibadhe. Munarsih si prawan desa sing isih lugu iku kelakon kelangan kasucene digaglak baya kalireng!”

Si kakung, sing ora liya Pak Silugangga bose PT Indah Karya kang duwe kantor ing lurung Raden Saleh iku ngrasa marem ngepol. Lagi iki ngrasa pulih kekuwatane kadirene priyayi kakung sawise tetaunan kober dadi gunung es. Sautara Munarsih sing rumangsa rusak angga lan jiwane mung bisa nangis keranta-ranta nggetuni lelakone". (ST, 2017:22)

Pethikan kasebut nuduhake kamaremane Pak Silugangga sawise saresmi. Wong lanang ngendi wae yen sawise nindakake saresmi mesthi bakal ngrasa marem batine. Kaya apa kang dialami Pak Silugangga kang wis pirang-pirang taun ora nindakake saresmi karo bojone. Sawise ngruda peksa Munarsih, Pak Silugangga kang dadi bos ing PT. Indah Karya kasebut krasa marem batine lan dheweke ngrasa yen kekuwatane mbalik maneh. Kahanane Munarsih beda maneh, dheweke mung bisa nangis lan nggetuni kahanan sing dialami. Dheweke mung bisa nangis keranta-ranta sawise diruda peksa Pak Silugangga.

Ngancam

Sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA ana paraga kang nindakake tindak kriminal mligine ngancam. Paraga kasebut nindakake tumindak ngancam kanthi cara nggunakake *senjata api* supaya pawongan kang diancam manut karo apa kang dikarepake. Sajrone urip bebrayan ing masyarakat uga asring ditemokake pawarta ngenani ancaman nggunakake *senjata api*. Pethikan pawarta kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

"Suami harusnya menjaga istri dari ancaman dan ketakutan. Namun perbuatan seorang suami di Rokan Hulu ini sedikit berbeda. Dirinya justru mengancam istri sendiri."

"Bukan ancaman verbal".

"Melainkan menggunakan senjata api".

"Alhasil, warga SKPD Desa Rambah, Kecamatan Rambah hilir, berinisial MA (48) ditangkap Tim Opsnal Polres Rokan Hulu (Rohul)".

"Pria ini ditangkap setelah istrinya Rosmini (44), melaporkan ke Polres Rohul atas dugaan pengancaman menggunakan senpi rakitan pada Jumat malam (11/5/2018)". (LD 4:kaca 121)

[\(https://www.google.com/amp/pekanbaru.tribunnews.com/amp/2018/05/15/ancam-istri-sendiri-pakai-senjata-api-pengakuan-sang-suami-mengejutkan-saat-dilaporkan-polisi\)](https://www.google.com/amp/pekanbaru.tribunnews.com/amp/2018/05/15/ancam-istri-sendiri-pakai-senjata-api-pengakuan-sang-suami-mengejutkan-saat-dilaporkan-polisi)

Pethikan pawarta kasebut nuduhake anane tindak kriminal mligine ngancam. Tumindak ngancam kasebut ditandakake dening MA marang bojone yaiku Rosmini. MA dicekel pulisi sawise dheweke dilapurake bojone Rosmine amarga Rosmini diancam bojone. Ancaman kang ditindakake dening MA marang Rosmini nggunakake *senjata api*.

Kahanan ngancam kasebut cundhuk karo pethikan kang ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA. Tumindak ngancam kasebut meh padha, nanging sing mbedakake yaiku tokoh kang nindakake lan kurban saka ancaman kasebut. Sajrone pethikan pawarta kasebut tokoh kang nindakake tumindak ngancam yaiku wong lanang utawa MA marang bojone yaiku Rosmini, dene sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kang nindakake tumindak ngancam yaiku Pak Silugangga marang Priyadi lan Munarisih.

"Pistol iku ngarah dhadhane Priyadi lan genti katudingake menyang sirahe Munarsih. mesthi bae sing diathungi pistol kaget kepati. Nangin

*sepisan maneh paribasane *cincing-cincing klebus* aluwung ambyur pisan. Priyadi sing wis kadhung nekat cepet muter uteg kanggo nggedhag. Priyadi bisa maca. Pak Silugangga iku ambak katone angker, nanging sejatine jiwane ringkikh kepara jirih. Patrape sing mangkono iku katon yen mung dienggo tutup bae. Jaga gengsi. Priyadi yakin, Pak Silu ora bakal wani tumindak luwih adoh kanthi mbledhosake pistule". (ST, 2017:42-43)*

Pak Silugangga nggunakake pistule kasebut supaya Priyadi ora nglapurake dheweke marang pulisi jalaran ora gelem tanggung jawab tumrap apa kang wis ditindakake. Pistule kasebut diarahake menyang dhadhane Priyadi lan gantenan menyang sirahe Munarsih. Priyadi kang diathungi pistol kaya mangkono kaget kepati. Dhasare Priyadi kuwi wong kang pinter maca kahanan, dheweke yakin yen Pak Silugangga kuwi ora bakal wani mbledhosake pistule kuwi. Priyadi yakin yen pistol kasebut mung digunakake ngancam wae supaya ora sida dilapurake marang pulisi. Dheweke uga bisa ngerti yen sejatine Pak Silugangga kuwi jiwane ringkikh lan keparah jirih.

Korupsi

Sajrone urip bebrayan ing masyarakat akeh tindak kriminal mligine tumindak korupsi. Tumindak korupsi ing jaman saiki bisa ditindakake dening sapa wae, lan bisa ditindakake ing ngendi wae. kayata apa kang ditindakake dening Leni Nurusanti kasir diler Daihatsu PT Serba Mulia Auto kang nilap dhuwit perusahaan nganti puluhan milyar. Pethikan kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

"Harta milik Leni Nurusanti (29) rupanya "berserakan". Kasir diler Daihatsu PT Serba Mulia Auto (SMA) Samarinda itu dengan lihai menilap uang perusahaan hingga Rp 25 miliar. Aksi curangnya tersebut didukung sang suami, Jefriansyah (31), dan adik Leni, Deni Rayindra (25)".

"Uang haram lantas digunakan keluarga ini untuk berfoya-foya. Beli mobil, rumah dikawasan elite, hingga jalan-jalan ke luar negeri. Sejauh ini, mobil yang dibeli dan dijual dari hasil mencuri uang perusahaan sebanyak 43 unit, 18 sudah disita. Dua motor juga diamankan. Satu motor sport bahkan seharga Rp 812 juta, yakni Yamaha RIM, belum lagi sejumlah uang yang sudah diamankan polisi". (LD 5:kaca 123)

[\(https://www.jawapos.com/jpg-today/09/07/2017/inilah-harta-kasir-cantik-yang-tilap-uang-rp-25-miliar-mewah-banget\)](https://www.jawapos.com/jpg-today/09/07/2017/inilah-harta-kasir-cantik-yang-tilap-uang-rp-25-miliar-mewah-banget)

Pethikan pawarta kasebut nuduhake tindak kriminal mligine korupsi. Tokoh Leni Nurusanti minangka kasir saka diler Daihatsu PT Serba Mulia Auto nilap utawa korupsi dhuwit kantor perusahaan kasebut kang jumlahne nganti 25 milyar. Anggone Leni Nurusanti korupsi diewangi dening bojo lan adhike. Dhuwit asil saka korupsi kasebut digunakake karo kulawarga kasebut kangg seneng-seneng, tuku mobil, tuku omah, lan mlaku-mlaku nganti tekan negara liya.

Tindak kriminal korupsi kasebut cundhuk karo pethikan kang ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA. Tumindak korupsi kasebut meh padha, nanging sing mbedakake yaiku tokoh kang nindakake korups kasebut. Sajrone pethikan pawarta kasebut tokoh kang nindakake tumindak korupsi yaiku kasir Leni kasir diler Daihatsu PT Serba Mulia Auto kang diwangi dening anggota kulawargane, dene sajrone novel ST anggitane Tiwiek

SA kang nindakake tumindak korupsi yaiku Diyantoro kang disengkuneni karo Bahar. Pethikan kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Jane Dhik Diyan ora kudu bingung. Malah yen Dhik Diyan kersa, bisa nggunakake kalodhangan iki kanggo ngeruk kauntungan sa akeh-akehe. Slirane rak kadhung klebus. Yagene ora nggebyur pisan? Urip mung sepisan Dhik! Aja dilara-lara lan aja digawe bingung!”

“Sing dikersakne Mas Bahar aku kudu priye?”

“Yagene sedhilih lan bingunge Dhik Diyan ora ditambani kanthi nyenengen ati? Yagene? Bandha ora kekurangan dhuwit kari ngeruk. Kurang apa maneh”.

“Diyantoro meneng sajak ngelimbang. Mangkono, ing wektu-wektu candhake saben ana kalodhangan, ora kendhat Bahar tansah ngrimuk amrih dhirektur mudha iku kabujuk ing pamilitane”.

“Saking pinter lan tlatene si Sengkuni, wusana pangrimuke kodal. Diyantoro klakon kepilut. Wiwit iku sasat saben bengi lan saben dina, Diyantoro diajak klayaban nyenengen ati. Papan-papan bangsane *klab malam, lokalisasi playahan, papan perjudian,* lan papan maksiyat liyane sasat dadi latare.” (ST, 2017:106)

Pethikan ukara kasebut nuduhake yen Bahar sukses ngasut Diyantoro supaya korupsi. Diyantoro kang pikiriane lagi mumet jalanan wewadi kang ditutupi diweruhi Bahar akhire kegawa omongane Bahar supaya nggunakake kasempatan kuwi gawe korupsi. Sajrone pethikan ing ndhuwur kang nuduhake Bahar sukses ngasut Diyantoro yaiku saben bengi Diyantoro klayaban nyenengake ati. Saben bengi budhal menyang klab malam, lokalisasi playahan, papan judi, lan papan maksiyat liyane. Dhuwit kang digawe nyenengake atine wong loro saben bengi yaiku dhuwit kang diasilake Diyantoro saka korupsi ing kantor cabang PT Indah Karya.

Andharan saka pethikan pawarta lan pethikan saka novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut bisa diweruhi yen kalarone nuduhake tindak kriminal mligine korupsi. Pethikan kalarone sing beda mung tokoh lan tujuwan nindakake korupsi. Tokoh pethikan pawarta yaiku kasir diler lan anggota kulawargane, korupsi dhuwit perusahaan kanthi tujuwan nyugihake dhiri pribadhi lan kulawarga sing melu ngewangi korupsi. Dene sajrone pethikan novel ST anggitane Tiwiek SA kang nindakake Korupsi yaiku Diyantoro bos kantor cabang PT Indah Karya kang disengkuneni karo Bahar. Asil saka korupsi kang ditindakake Diyantoro digunakake kanggo seneng-seneng, yaiku digawe mendem, judi, nyewa wanita playahan lan sapiturute.

Nerak Kasusilan

Sajrone urip bebrayan ing masyarakat akeh prakara ngenani nerak kasusilan kang ditindakake. Nerak kasusilan kuwi bisa ditindakake dening sapa wae. Tuladhane kaya kaya ana ing pethikan ngisor iki.

“*Saya dan suami telah menikah dan memiliki seorang anak berumur 10 tahun. Saya dan suami telah berumah tangga selama hampir 12 tahun. Suami saya adalah seorang pengusaha. Usahanya cukup berkembang, sehingga kebutuhan rumah tangga kami sangat tercukupi.*”

“Awalnya suami saya ini sangat taat beragama, akan tetapi, dalam setahun terakhir, suami saya sering pulang malam. Setiap pulang malam selalu dalam keadaan tidak sadar karena meminum-minuman beralkohol. Setiap saya tanya habis darimana, suami saya selalu menjawab menemani koleganya.”

“Pernah suatu hari, datang seorang penagih hutang kerumah untuk menagih hutang suami saya. Saya menanyakan kepada orang tersebut bahwa suami saya punya hutang apa. Orang tersebut menjawab bahwa suami saya memiliki hutang judi. Saya terkejut mendengar bahwa suami saya sekarang sudah terjerumus dunia judi.” (LD 6:kaca 127)

(<http://intisari.grid.id/read/03109777/suami-gemar-mabuk-dan-berjudi-berhakkah-istri-untuk-menceraiakan?page=all>)

Pethikan kasebut nuduhake anane tumindak nerak kasusilan kang ditindakake dening wong lanang kang wis mangun bale wisma. Tumindak nerak kasusilan kang ditindakake kayata mabuk-mabukan lan judi. Saben dina tokoh lanang ing pethikan kasebut mesthi mulih tengah wengi. Saben mulih mesthi kahanane mabuk lan yen ditakoni bojone wangslane meshti bar ngancani kolegane. Dina liyane ana wong mara ing omah kasebut guna nagih utang kang digawe bojone jidi.

Kahanan tumindak kriminal mligine nerak kasusilan ing pethikan kasebut cundhuk karo kang ana ing pethikan novel ST anggitane Tiwiek SA. Tumindak nerak kasusilan kasebut padha-padha ditindakake wong kang nduwe perusahaan. Sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA tumindak kasebut ditindakake dening Diyantoro. Pethikan kasebut bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Saking pinter lan tlatene si Sengkuni, wusana pangrimuke kodal. Diyantoro klakon kepilut. Wiwit iku sasat saben bengi lan saben dina, Diyantoro diajak klayaban nyenengen ati. Papan-papan bangsane *klab malam, lokalisasi playahan, papan perjudian,* lan papan maksiyat liyane sasat dadi latare.” (ST, 2017:106)

Pethikan kasebut nuduhake anane tumindak kang nerak kasusilan. Saben bengi lan saben dina, Diyantoro mesthi klayaban kanggo nyenengake atine. Dheweke saben bengi mara ing klab malam kang tujuwane arep mabuk. Saben bengi mara nyang lokalisasi playahan, lan saben bengi mesthi mara nyang papan gawe judi.

Andharan kalarone nuduhake sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA karo kahanan tindak kriminal sajrone bebrayan ing masyarakat. Tindak kriminal kang ditindakake padha-padha tumindak kang nerak kasusilan ing masyarakat. Bisa didudut yen karya sastra kuwi inspirasine saka kanyatan sosial urip bebrayan ing masyarakat.

Apus-Apus

Gegambaran apus-apus sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut ditindakake karo Bahar. Bahar asring nyilih dhuwit marang Diyantoro lan ora tau mbalekake dhuwit kasebut. Tumindake Bahar kang kaya mangkono kuwi kalebu tumindak apus-apus. Pethikan ngenani tumindake Bahar kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

“Bahar ngguyu njegigis. Buncine wong arep oleh-lehan pancen mung mblubut. Bahar ora

mung sepisan iki nembung utang. Saelinge wis kaping telu apa kaping papat. Nembunge utang, nanging ora tau nyaur. Diyan dhewe ya ora nagih. Nyatane kanthi bunci mblubut, Bahar saiki mrenthel. Sepedha motore wis ganti anyar najan ora gres. Anggon-anggone bojone malih nggrembyang. Njur iki mengko yen sida diutangi maneh, jobine sing maune plester saka semen bakal diganti porselin. Penake rek, dhapuk sengkuni! Kathik kasenengan ma lima uga tansah keturutan.” (ST, 2017:117-118)

Tumindake Bahar kang kaya ing pethikan ndhuwur kuwi kalebu tindak kriminal mligine tumindak apus-apus. Tumindake Bahar kuwi ditindakae kanggo kapentingane dhiri pribadhi. Dhasar sengkuni, weruh yen Diyantoro ngesaki dhuwit akeh, Bahar nggunakake kasemptan kasebut gawe ngapusi Diyantoro maneh. Bahar kandha marang Diyantoro yen dheweke arep nyilih dhuwit. Bahar kandha yen dhuwit utangan kasebut bakal digunakake kanggo ndandani jobin ing omah kang isih saka plester semen. Bahar utang marang Diyantoro ora mung sepisan kuwi, nanging Bahar wis asring utang marang Diyantoro. Jenenge wong utang kudune ki ya gelem nyaur utange kasebut. Nanging, Bahar sepisan wae durung tau bayar utange kasebut marang Diyantoro. Tumindake Bahar kasebut iku kalebu tumindak kriminal mligine tumindak apus-apus amarga Bahar wani ngutang nanging ora tau gelem bayar utange kasebut. Tumindake Bahar kang kaya mangkono kuwi yen dilapurake ing Polisi bisa nyebabake Bahar dipakunjara.

Andharan tumindak apus-apus kang ditindakake dening Bahar kasebut cundhuk karo tumindak apus-apus ing kasunyatan urip bebrayan ing masyarakat. Nanging, kang mbedakake saka tumindak apus-apus kasebut mung motife lan cara nindakake. Pethikan tumindak apus-apus ing kasunyatan bebrayan ing masyarakat bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki.

“Seorang perempuan berinisial VIMA ditangkap karena kasus dugaan penipuan penjualan tas branded melalui media sosial instagram. Perempuan itu dibekuk penyidik unit II Subdit 3 Resmob Direktorat Reserse Kriminal Umum Polda Metro Jaya pada 24 Juli 2018.”

“Kepala Bidang Humas Polda Metro Jaya Komisaris Besar Raden Prabowo Argo Yuwono menyatakan, pelaku berinisial VIMA alias Bela menipu dengan berpura-pura menjual tas merek Chanel di akun @bebombs21199.”

“Korban telah mentransfer uang, tapi tersangka tidak mengirimkan tas merk Chanel tersebut,” kata Argo dalam keterangan tertulisnya, Rabu 12 September 2018.” (LD 7:kaca 128)

<https://metro.tempo.co/read/1126061/penipuan-tas-branded-di-instagram-korban-rugi-rp-600-juta/full?view=ok>

Pethikan kasebut nuduhake tindak kriminal mligine apus-apus ing kasunyatan sajrone urip bebrayan ing masyarakat. Tumindak apus-apus kasebut ditindakakake dening wanita kang inisial jenenge VIMA. VIMA ditangkep pulisi jalaran dheweke wis ngapusi wong liya kanthi cara dodolan tas *branded* ing Instagram. Dheweke ora ngirim tas kang wis pesen kurbane, kamangka kurbane kuwi wis nranfer dhuwite.

Andharan kalarone kuwi nuduhake yen tindak kriminal kang ana ing novel ST anggitane Tiwiek SA ana sesambungane karo kahanan tindak kriminal ing bebrayan masyarakat. Paraga kasebut padha-padha nindakake tumindak apus-apus, nanging kang mbedakake mung motife lan cara nindakakene.

Pemerasan

Novel ST anggitane Tiwiek SA uga ngandhut tindak kriminal mligine pemerasan. Tumindak pemerasan ing novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut ditindakake dening paraga Diyantoro. Anggone Diyantoro meres bapake ditindakake kanthi cara ngancam. Diyantoro ngancam bapake yen ora menehi dhuwit wedadine bakal dibeber. Pethikan liya kang nuduhake Diyantoro nindakake pemerasan marang bapake bisa dideleng ing pehtikan ngisor iki.

“Aku ora bisa budi maneh Yan. Sepurane, aku ora bisa nuruti panjalukmu. Awit wis ora ana dhuwit sing dadi wewenangku. Simpenanku ing bank wis entek!” ngendikane Pak Silu semu jengkel.”

“Arta kantor rak taksih wetah, Pak?” Diyantoro ngengkel.

“Dhuwit kantor?! Masya Allah! Aku kokkon korupsi? Hiya?”

“Nyumanggakaken. Bapak rak kuwaos teng ngriki. Umpamiya nyrebrot arta kantor, sinten sing wantun memalangi?”

“Hhh ... aku ora bisa tumindak ngono! Ora bisa Yan! Aku ora kepengin perusahaan sing dakcekel katut amburk! Lak ora kepengin ditangkep pulisi merga nggelapne dhuwit.”

“Manawi makaten nggih sampun! Kula tetep bakal mbeber wewadosipun Bapak ing medial” pangancame Diyantoro karo menyat, sajak arep ninggalake kantor kono. Pak Silugangga kejot, banjur menggak.”(ST, 2007:109)

Pak Silugangga ora bisa nuruti panjaluke Diyantoro maneh amarga dhuwit simpenane ing bank wis entek. Diyantoro kang wis nduwe niyatana meres bapake kasebut ngongkon bapake nggunakake dhuwit kantor kanggo menehi Diyantoro. Pak Silugangga tetep ora gelem gelem menehi lan ora gelem nggunakake dhuwit kantore jalanan dheweke ora kepengin kantore katut bangkrut lan ora kepengin ditangkep pulisi. Anggone meres bapake durung ngasilake, Diyantoro banjur ngancam bapake yen wewadine bakal dibeber ing medhia yen bapake tetep ora menehi dhuwit. Ancaman Diyantoro kang kaya mangkono kasebut akhire ndadekake Pak Silugangga nuruti apa kang dadi panjaluke Diyantoro.

Andharan tumindak pemerasan kang ditindakake dening Diyantoro kasebut cundhuk karo tumindak pemerasan ing kasunyatan urip bebrayan ing masyarakat. Nanging, kang mbedakake saka tumindak pemerasan kasebut yaiku statuse pelaku, kurban, lan prakara kang njalari pemerasan. Pethikan tumindak pemerasan sajrone kasunyatan bebrayan ing masyarakat bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki.

“Suhartono (40), seorang yang mengaku wartawan media cetak diamankan aparat Polres Madiun lantaran melakukan pemerasan terhadap seorang guru SD di Karangrejo, Madiun. Atas ulahnya, Suhartono dijerat pasal pemerasan dengan ancaman hukuman maksimal 9 tahun penjara.”

“Dia menuturkan kasus bermula saat Suhartono mendatangi korban ditempat kerjanya di SDN Karangrejo, Senin

(13/8/2018). Tersangka kemudian menuduh YS telah berselingkuh dengan seorang pria.”

“Untuk meyakinkan YS, tersangka menunjukkan foto saat korban bertemu dengan seorang pria. Korban ketakutan karena tersangka mengancam kasus perselingkuhannya itu akan diberitakan di medianya.”

“Selanjutnya, tersangka menawarkan untuk tidak memberitakan kasus perselingkuhan itu asalkan korban mau membayar uang Rp10 juta.” (LD 8:kaca 129)

(<https://m.liputan6.com/regional/read/3647558/ancam-bocorkan-perselingkuhan-wartawan-palsu-peras-gur>)

Pethikan kasebut nuduhake anane tindak kriminal mligine pemerasan dibarengi karo ancaman lan apus-apus. Tumindak pemerasan kasebut ditindakake dening Suhartono kang ngaku minangka wartawan marang guru SD karo inisiale YS. Suhartono ngancam guru kuwi kanthi cara bakal nyebarakae foto tumindak sedhenge guru kasebut ing medhia. Suhartono uga menehi pilihan yen foto kasebut ora bakal disebarake nanging guru kasebut kudu gelem menehi dhuwit marang Suhartono kang jumlahne 10 yuta.

Andharan kalorone nuduhake anane tindak kriminal mligine pemerasan. Mula, tindak kriminal mligine pemerasan sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kuwi ana sesambungane karo tindak kriminal ing bebrayan masyarakat. Senadyan tumindak pemerasan kesebut nduweni pambda ing pelaku, lan prakara kang ndadekake tumindak pemerasan kuwi bisa dumadi, nanging tetep wae tumindak kasebut wis nerak angger-anggere ukum.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar andharan saka asile analisis dhata kang wis ditindakake ing bab sadurunge sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut patang perangan. Perangan sepisan yaiku gegambaran tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA. Gegambaran tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA diperang dadi pitu yaiku, (1) ruda peksa, (2) ora gelem tanggung jawab, (3) ngancam, (4) korupsi, (5) nerak kasusilan, (6) apus-apus, lan (7) pemerasan. Gegambaran tindak kriminal kang kinandhut sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA mau mujudake kaca pangilon marang kadadeyan kang nyata ing urip bebrayan.

Perangan kapindho, ngandharake ngenani gegambaran panyebab tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA. Gegambaran panyebab tindak kriminal kasebut diperang maneh dadi rong bab yaiku, 1) faktor saka dhiri pribadi (individu). Faktor saka dhiri pribadi sajrone panliten iki diperang dadi telung faktor yaiku, (1) faktor kabutuhan seksual, (2) faktor emosi, lan (3) faktor frustasi; 2) faktor saka sanjabane dhiri pribadi (eksternal). Faktor saka sanjabane dhiri pribadi kang nyebabake tindak kriminal diperang dadi loro, yaiku (1) faktor ekonomi, lan (2) faktor lingkungan. Sajrone panliten iki bisa dideleng yen ana maneka warna faktor kang njalari paraga nindakake tindak kriminal.

Perangan katelu, ngandharake ngenani gegambaran akibat saka tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA. Akibat kang diasilake saka tindak kriminal kuwi diperang dadi loro yaiku, 1) cilaka tumrap awake dhewe utawa paraga kang nindakake tindak kriminal. cilaka tumrap awake dhewe kasebut

bisa diperang dadi loro yaiku, (1) apes, lan (2) mlebu bui; 2) akibat tumrap kulawarga, akibat tumrap kulawarga diperang maneh dadi loro yaiku, (1) rugi bandha, lan (2) sengsara. Sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA bisa dideleng yen akibat kang diasilake saka tindak kriminal kuwi sejatine ngrugekake banget tumrap awake dhewe kang nindakake tindak kriminal lan ngrugekake banget tumrap kulawarga.

Perangan kapapat, perangan iki dadi perangan kang pungkasan sajrone panliten ngenani tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA. Perangan kapapat iki ngandharake sesambungane tindak kriminal sajrone novel ST karo kahanan tindak criminal ing bebrayan masyarakat.

Saka andharan kabeh mau bisa didudut yen sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut ngandhut tindak kriminal. Tindak kriminal kuwi bisa ditindakake ing ngendi wae lan bisa ditindakake dening sapa wae. Ana perangan kang bisa njalari anane tindak kriminal. Perangan kasebut bisa tuwuh saka awake dhewe lan bisa tuwuh saka faktor sanjabane awake dhewe. Tindak kriminal kasebut bisa ngasilake akibat kang ala tumrap awake dhewe lan tumrap kulawarga. Tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut sejatine dadi kaca benggala tumrap kedadeyan ing urip sanyatane. Dadi, ora bisa mokal maneh, sejatine ing karya sastra pancen kajupuk saka kedadeyan nyata bebrayan sakupenje.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten kang isih adoh saka kasampurnan. Ana perangan-perangan kang isih durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra kang digunakake kanggo nemokake tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kasebut luwih nggayutake tumrap maneka werna kanyatan sosial kang ana sajrone bebrayan. Panliten ngenani tindak kriminal iki isih prelu ditindakake kanggo mangerteni prakara sosial mligine tindak kriminal sajrone reriptan karya sastra, mligine karya sastra Jawa modern.

Novel ST anggitane Tiwiek SA iki ngandhut pesen kang becik tumrap kabeh pamaos. Pesen kang kinandhut yaiku manungsa kudu nduweni sipat kang bijak saben arep nindakake tumindak. Saben manungsa kudu bisa mbedakake tumindak kang arep ditindakake kuwi kalebu tumindak kang becik apa ala. Aja nganti tumindak kang ditindake kuwi bisa ngrugekake awake dhewe, kulawarga, lan wong liya. Saliyane kuwi, novel ST anggitane Tiwiek SA uga ngandhut piweling. Saben manungsa kudu legawa, sabar lan kudu bisa nrima kahanan apa wae kang lagi diadhepi. Kamangka saben manungsa sing bisa nglakoni pacoban kanthi becik bakal pikantuk piwales saka Gusti kanthi becik uga. Pesen kasebut kaajab bisa menehi tuladha lan panggulawenthah kang becik. Lumantar panliten iki, uga kaajab bisa nyengkuyung pangrembakane sastra ing jagade kasusastran Jawa Modern.

Tumrap pamaos asile panliten iki kaajab bisa digunakake minangka sarana kanggo njembarake kawruh ngenani tindak kriminal sajrone novel ST anggitane Tiwiek SA kanthi tintingan sosiologi sastra. Panliten iki dudu sawijine panliten kang paling sampurna. Isih ana saperangan tetembungan utawa liyane kang miturut panlitin isih lput. Kajaba kuwi ing ngalam ndonya ora ana kang sampurna saliyani Gusti Pangeran. Mula, panliten iki bisa dadi motivasi tumrap panlitin sabanjure. Kaajab marang panliten sabanjure bisa luwih sampurna lan luwih becik tinimbang panliten sadurunge.

KAPUSTAKAN

- Abdulsyani. 1987. *Sosiologi Kriminalitas*. Bandung: Remaja Rosda Karya
- Arivia, Gadis. 2006. *Feminisme: Sebuah Kata Hati*. Jakarta: Kompas
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Goleman, Daniel. 2002. *Emotional Intelligence: Kecerdasan Emosional (mengapa EQ lebih penting daripada IQ)*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Darni. 2015. *Kekerasan Terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism (Sebuah Kritik sastra)*. Surabaya: Unesa University Press
- Dirdjosisworo, Soedjono. 1973. *Doktrin-doktrin Kriminologi*. Bandung: Alumni
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Pengantar Pengkajian Sastra*. Yogyakarta: Sewon Press
- _____. 2013. *Metode Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Ombak
- Faruk, HT. 2013. *Pengantar Sosiologi Sastra. Strukturalisme Genetik sampai Postmodernisme*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- _____. 2015. *Strukturalisme Genetik dan Epistemologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Hardjana. 1994. *Konflik di Tempat Kerja*. Yogyakarta: Kanisius
- Hasan, Zaini M. 1990. 'Karakteristik Penelitian Kualitatif' dalam Aminuddin (ed.). *Pengembangan Penelitian Kualitatif dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: Yayasan Asih, Asah, Asuh
- Hutomo, Suripan Sadi. 1997. *Sosiologi Sastra Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- Jabrohim. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widya
- Kartono, Kartini. 2009. *Pemimpin dan Kepemimpinan*. Jakarta: Rajawali Pers
- _____. 2001. *Pathologi sosial I*. Bandung: Alumni
- _____. 2007. *Psikologi Anak*. Bandung: Mandar Maju
- Depdikbud. 1995. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka
- Departemen Pendidikan Nasional. 2002. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- _____. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (edisi 3)*. Jakarta. Balai Pustaka
- Departemen Pendidikan Indonesia. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- KBBI Online (<http://kbbi.web.id/ancam.html>, kaakses tanggal 7 Agustus 2018 tabuh 12:04 WIB)
_____. (<http://kbbi.web.id/korupsi.html>, kaakses tanggal 20 September 2018 tabuh 11:10 WIB)
- Kurniawan, Heru, 2012. *Teori, Metode, dan Aplikasi Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Graha Ilmu
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Lexy, J Moleong. . 2008. Metodologi Penelitian Kualitatif. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: UGM Press
- _____. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- _____. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Pradopo, Djoko Rahmat. 2003. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- _____. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- _____. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Santoso,Wijaya Heru dan Wahyuningtyas. 2010. *Pengantar Apresiasi Prosa*. Surakarta: Yuma Pustaka
- Saribar. 2009. *Teori dan Penerapan Penelitian Sastra*. Surabaya: Lentera Cendia
- Semi, Atar. 1989. *Kritik Sastra*. Bandung : Angkasa
- _____. 2008. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya
- _____. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa
- Satiadarma, Monty P. 2001. *Menyikapi Perselingkuhan*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia
- Singgih, D Gunarsa. 2003. *Psikologi Perkembangan*. Jakarta ; BPK Gunung Mulia
- Siswantoro. 2010. *Metode Penelitian Sastra Analisis Struktur Puisi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Soekanto, Soerjono. 2012. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: Rajawali Pers
- Sudikan, Setya Yuwana. 1990. *Metodologi Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Warsana
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sumardi, Muljanto. 2010. *Berbagai Pendidikan dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra Indonesia*. Jakarta: Pustaka Sinar harapan
- Sunarto, Kamanto. 2011. *Pengantar Sosiologi*. Jakarta: Lembaga Penerbit Fakultas Ekonomi, Universitas Indonesia
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1989. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Jaya
- _____. 1990. *Teori Kesusastraan* (Terj. Melani Budianta).Jakarta: Gramedia
- _____. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia
- Tiwiek, SA. 2017. *Srepeg Tlultur* (novel basa Jawa). Yogyakarta: Azzagrafika